Bhaibheri re vana
Rikukupai

Minana yakaitwa naJesu

Rakanyorwa ndiani: Edward Hughes
Rakafanidzirwa ne: Byron Unger; Lazarus
Rakatorwa na: E. Frischbutter; Sarah S.
Rwakashandurwa na: Tendai Mugova
Alastair Paterson
Rakabudiswa na: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2022 Bible for Children, Inc.
Mitero: Une mvumo yekutora nyaya iyi kana usinganotengesi chete.

Jesu akaita minana yakawanda. Minana yakanga iri chiratidzo chokuti mwana waMwari. Munana wekutanga wakaitika kumuchato. Pakanga pasina waini yaikwana munhu wese akanga aripo.

Maria, amai vaJesu vakaudza Jesu zvakanga zvichinetsa, ndokubva varaira vadzidzi kuti vateerere zvose zvinotaurwa naJesu.



3

Jesu akati, "Zadzai makate nemvura." Vakubvunza vakati, "Mvura here?" Hongu, Jesu akanga akumbira kuti vazadze makate nemvura.

4

Jesu akariyaria mudzidzi wake kuti atore gate kuti vanhu vakanga vaine muchato vamwe. Mvura yakanga yaita waini. Waini yemhando yepamusoro uye yainaka.

5

Vadzidzi vakashamisika. Jesu akanga ashandura mvura kuti ive waini. Mwari chete aikwanisa kuita minana yakadai.

6

Jesu akaita imwe minana. Umwe usiku, Jesu nevadzidzi vake vakaenda kumba kwaPetro. Amai vomukadzi waPetro vakanga vachirwara.

7

Jesu akabata maoko omukudzi akanga achirwara. Mushure menguva, vakaporeswa. Vakamuka ndokushandira Jesu nevadzidzi vake.



8

Zvichida guta rose rakauya kuna Jesu manheru aya. Vanhu vakanga vachirwara vakauya-mapofu, vakanga vasinganzwi kana kutaura pamwe nevakanga vakaremara. Kunyange vanhu vakanga vaine madhimoni vakauya kuna Jesu. Jesu aikwanisa here kubatsira vanhu vose ava?



9

Jesu, mwanakomana waMwari aikwanisa kubatsira. Hongu, Jesu akabatsira. Vanhu vakauya kwaari vakaporeswa. Vose vakanga vakaremara vakakwanisa kufamba nekumhanya.



10



Vamwe vakanga vaine maperembudzi vakauya kuna Jesu.

11

Jesu akavaporesa zvakare.

12

Varume nevakadzi vakanga vaine madhimoni vakauya kuna Jesu. Akarayira madhimoni kuti aenda. Madhimoni akaenda, vanhu vakasara nemufaro.

13

Pakati pevanhu vazhinji, varume vana vakaedza kuti shamwari yavo isvike kuna Jesu. Asi Havana kukwanisa kusvika pedo. Vakanga vachaita sei?



14

Varume vana vakatakura shamwari yavo vakamuisa pamusoro peimba, ndokumudzikisa kuti apinde mumba. Naizvozvo akanga asvika pedo naJesu.

15

Jesu akaona kuti varume vana vakanga vaine kutenda. Akati kumurume akanga achirwara, "Zvitadzo zvako zvaregererwa. Tora nhovo dzako ufambe." Murume akasimuka achibva afamba. Jesu akanga amuporesa.

16



Mushure maizvozvo, Jesu akapinda muchikepe nevadzidzi vake. Mhepo yakanga yaine samba yakavhuvhuta. Jesu akanga arara. Vadzidzi vakatya vachibva vamutsa Jesu. Vakati, "Ishe tibatsirei. Tinofira pano."

17

Jesu akamuka achibva arayira gungwa achiti, "Nyarara ugadzikane." Vadzidzi vake vakataurirana vakati, "Munhu akaita sei uyu? Mhepo kunyangwe negungwa zvinomuteerera."

Vakatenda kuti Jesu akanga ari mwanakomana waMwari nokuti akanga ataridza ukuru hwake nokuda kweminana,



Vadzidzi vake Havana kuziva kuti Jesu akanga achaita imwe minana.



18

Minana yakaitwa naJesu

Nyaya yeshoko raMwari, Bhaiberi

Inowanikwa mu

Mateo 8-9, Mako1-2, Mako 4, Ruka 4, Ruka 8, Johane 2

"Mazwi enyu anotipa kuchena."
Mapisarema 119:130

19

Magumo

40 60

20

Nyaya dze mu Bhaibheri dzinotiwudza zvekushamisa kwaMwari Musiki wedu uyo anoda kuti umuzive.

Mwari anoziva kuti tese takaita zvakaipa, izvo zvaanoti zvitema. Mubairo wechitema ndirwo rufu, asi Mwari anokuda kwazvo, akatuma mwana wake, Jesu, kukufira pamuchinjikwa uye akatambudziwa nemhaka yako. Jesu akafa akumuka, akadzokera kumusha kudenga! Kana uchitenda muna Jesu uye ukakumbira kuregererwa anokuregerera zvitema zvako, Anokuregerera! Achauya kuzogara mumoyo mako. Achagara mauri. newe ugogara maari mazuva namazuva.

Kana uchitenda kuti ichi ichokwadi, taura kuna Mwari uchiti Mudiwa Jesu, ndinotenda kuti ndimi Mwari, uye makauya semunhu panyika kuzofira zvitema zvangu, uye murikurarama. Huyai mumoyo mangu mundiregere zvitema zvangu, kuti ndive heupenyu hutsva, uye nerimwe zuva ndigogara nemi nekusingaperi. Ndibatsirei kuti ndikuteerereyi, ndirarame semwana wenyu. Ameni.

Verengayi Bhaibheri nekutaura ne Mwari mazuva ese. Johane 3:16